# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2023 (ANNUAL)

**Model Set**

**Sub. Code – 124**

**MAITHILI (Opt.)**

**मैथिली (ऐच्छिक)**

**समयः 3 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक–100**

**Time : 3 Hrs. 15 Minutes** **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक प्रश्नों के उत्तर देने पर प्रथम 50 का ही मूल्यांकन किया जाएगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका सही उत्तर को उपलब्ध कराये गये OMR उत्तर–पत्रक में दिये गये सही विकल्प को काले/नीले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का OMR उत्तर–पत्रक में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं ?

8. किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–अ

## (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि। सही विकल्प चुनि कय OMR शीटमे भरू। उक्तमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ।

***50x1=50***

1. मिथिलामे चीनी उद्योगक विकास प्रारम्भ भेल

(A) 1932 ई0 मे (B) 1942 ई0 मे

(C) 1950 ई0 मे (D) 2012 ई0 मे

2. मिथिलामे कागज मिलक संख्या छल

(A) एगारह (B) बारह

(C) चौदह (D) पन्द्रह

3. राज्य वस्त्र निगम द्वारा इन्डस्ट्रीयल कॉटन यार्न प्रोजेक्ट कार्यरत छल

(A) 1978 ई0 मे (B) 1980 ई0 मे

(C) 1986 ई0 मे (D) 1988 ई0 मे

4. मिथिलांचलमे फसल उपजैत अछि

(A) दू प्रकारक (B) तीन प्रकारक

(C) चारि प्रकारक (D) पाँच प्रकारक

5. हिमालयसँ गंगा नदी धरि दूरी अछि

(A) 50 मील (B) 70 मील

(C) 80 मील (D) 100 मील

6. अंग्रेज सरकार पूरा तराई क्षेत्र दए देलकै

(A) गोरखा सरकारकेँ (B) असम सरकारकेँ

(C) नागालैंड सरकारकेँ (D) भारत सरकारकेँ

7. गंडक ओ महानन्दा नदी भंडार अछि

(A) विद्युतक (B) धातुक

(C) कंकरीटक (D) एहिमे किछु नहि

8. राष्ट्रभाषाक रूपमे प्रचलित भाषा अछि

(A) मैथिली (B) हिन्दी

(C) अंगरेजी (D) संस्कृत

9. कृषि सब उद्योगक अछि

(A) जननी (B) पोषक

(C) जीवनशक्ति (D) एहिमे किछु नहि

10. कालिदास रचित 'मेघदूत'क मैथिली अनुवाद कयलनि

(A) आरसी प्रसाद सिंह (B) यात्री

(C) मेनका मल्लिक (D) मार्कण्डेय प्रवासी

11. 'पृथ्वी ते पात्रं' कथा लिखलनि

(A) नरेन्द्र झा (B) बिलट पासवान 'विहंगम'

(C) उदय चन्द्र झा 'विनोद' (D) यात्री

12. 'पत्रहीन नग्न गाछ' पर बिहार सरकार 'यात्री'केँ सम्मान प्रदान कयलकनि

(A) शिखर सम्मान (B) विद्यापति पुरस्कार

(C) चेतना सम्मान (D) एहिमे कोनो नहि

13. ''कोना बुझब जे पूर्वजलोकनि रहथि वेश बुधियार

पढुआ कका करब जँ, नहि हमरासँ बात–विचार''

– ई पाँती अछि

(A) 'युग–धर्म'क (B) 'सनातन मानव'क

(C) 'राष्ट्रीय एकताक प्रासंगिकता'क (D) 'फूलक नोर खसल'क

14. 'यात्री'क निधन भेलनि

(A) 5 नवम्बर, 1998 मे (B) 5 नवम्बर, 1999 मे

(C) 5 नवम्बर, 2000 मे (D) 5 नवम्बर, 2001 मे

15. ब्रह्मा, विष्णु आ महेशकेँ कहल जाइत छनि

(A) त्रिकाल (B) त्रिदेव

(C) विघ्नहर्त्ता (D) संकटमोचन

16. 'अपन महींस कुड़हड़िअहि नाथब, के ने कहत .........'' एतए रिक्त स्थानमे होएत

(A) रंग (B) अबढ़ंग

(C) भगवान (D) पुरान

17. आरसी प्रसाद सिंहक जन्म भेल छनि

(A) 19 अगस्त, 1911 मे (B) 19 अगस्त, 1912 मे

(C) 19 अगस्त, 1913 मे (D) 19 अगस्त, 1914 मे

18. 'भाषा, धर्म अनेक पंथ–मत मुदा, एक दुःख–सुख जग–जीवन' कविताक पाँती अछि

(A) 'सनातन मानव'क (B) 'युगधर्म'क

(C) 'फूलक नोर खसल'क (D) 'अकाल'क

19. दानवता क अर्थ होइछ

(A) झगड़ा केनिहार (B) दानव

(C) दुर्गुण (D) राक्षसी प्रकृत्ति

20. ''गाछक पेट भरल गमहरासँ ...........'' एतए स्थानमे होएत

(A) दूध सुखल छै पोर हे (B) इन्द्रक निन्द कठोर हे

(C) धरती सुखल सपाट हे (D) फलकल–फलकल पात हे

21. 'सलहेस पाठिका' रचना अछि

(A) विलट पासवान 'विहंगम'क (B) मेनका मल्लिकक

(C) मार्कण्डेय प्रवासी क (D) उदयचन्द्र झा 'विनोद'क

22. 'इतिहास–नदीकेर–चिक्कन–चुनमुन घाट पर' कविताक पाँती अछि

(A) 'हम भेटब'क (B) 'युगधर्म'क

(C) 'सनातन मानव'क (D) 'फूलक नोर खसल'क

23. 'धूरी' कविताक रचयिता छथि

(A) नरेन्द्र झा (B) भाग्यनारायण झा

(C) उदयचन्द्र झा 'विनोद' (D) मार्कण्डेय प्रवासी

24. 'सीबि आबी लगाबै छी नित्य चेफरी .........'' एतए रिक्त स्थानमे होएत

(A) व्यवस्था देशक बहुत जर्जर लगैए–ए (B) चैनसँ एखनो गरीबी गाममे छै

(C) सागपर सन्तोषके दर्शन हेरायल (D) राजधानी लग भने लड़बड़ लगैए

25. पाठयांशमे ''तोहर नाँगट देहसँ उड़ि जयतह कतहु ..........'' एतए रिक्त स्थानमे होएत

(A) आशाक चिड़ै (B) इच्छाक चिड़ै

(C) मोनक चिड़ै (D) आकांक्षाक चिड़ै

26. 'बाधक' शब्दक अर्थ होइछ

(A) विनाश (B) विघ्न पहुँचाबएवला

(C) बेकार (D) कठोरता

27. कौरव भाइ छलाह

(A) एक सय (B) डेढ़ सय

(C) दू सय (D) अढ़ाइ सय

28. 'स्तुत्य' शब्दक अर्थ अछि

(A) प्रशंसनीय (B) एकता

(C) उदाहरण (D) विकास

29. 'अर्थतंत्र ओ भ्रष्टाचार' कृति अछि

(A) नरेन्द्र झाक (B) देवकान्त झाक

(C) भाग्यनारायण झाक (D) मार्कण्डेय प्रवासीक

30. 'प्रतिपदाः एक अध्ययन' पोथी छनि

(A) उदय चन्द्र झा 'विनोद'क (B) बिलट पासवान 'विहंगम'क

(A) मार्कण्डेय प्रवासीक (D) नवीन चन्द्र मिश्रक

31. 'एरौत' गाम छलनि

(A) 'यात्री'क (B) आरसी प्रसाद सिंहक

(C) नरेन्द्र झाक (D) मार्कण्डेय प्रवासीक

32. 'अनु + अय'क सन्धि अछि

(A) अन्वय (B) अनुनय

(C) अनन्य (D) अनवयन

33. 'मात्रादेश' शब्दक सन्धि–विच्छेद अछि

(A) मातृ + आदेश (B) माता + आदेश

(C) मातृ + देश (D) मातः + आदेश

34. 'राम सीता लेल पोथी अनलनि' वाक्यमे कारक अछि

(A) अपादान (B) सम्प्रदान

(C) सम्बन्ध (D) कर्म

35. 'राजू पढ़ैत अछि' वाक्यमे अछि

(A) कर्त्ता कारक (B) करण कारक

(C) सम्प्रदान कारक (D) अपादान कारक

36. 'कुशल रहथि' वाक्यमे क्रिया अछि

(A) कामनात्मक (B) प्रेरणार्थक

(C) संयुक्त (D) पूर्वकालिक

37. 'श्याम गीत गाबि रहल अछि' वाक्यमे अछि

(A) गौण क्रिया (B) मुख्य क्रिया

(C) नामधातु (D) सहायिका क्रिया

38. 'गजेन्द्र पानि पिबैत छलाह' वाक्यमे काल अछि

(A) अपूर्ण भूत (B) पूर्ण भूत

(C) वर्त्तमान (D) भविष्यत्

39. 'अहाँ गाम जाइत छलहुँ' वाक्यमे अछि

(A) तात्कालिक भूतकाल (B) अपूर्ण भूतकाल

(C) सामान्य वर्त्तमानकाल (D) पूर्ण भविष्यत्काल

40. 'हम सब कथा सुनब' वाक्यमे काल अछि

(A) भविष्यत् (B) भूत

(C) वर्त्तमान (D) एहिमे कोनो नहि

41. 'पंचानन' शब्द उदाहरण अछि

(A) बहुब्रीहि समासक (B) द्वन्द्व समासक

(C) कर्मधारय समासक (D) तत्पुरुष समासक

42. 'उपग्रह' शब्दमे समास अछि

(A) अव्ययीभाव (B) तत्पुरुष

(C) द्वन्द्व (D) द्विगु

43. 'हाथी–घोड़ा' शब्दमे समास अछि

(A) द्वन्द्व (B) अव्ययीभाव

(C) नञ् (D) तत्पुरुष

44. 'औंठा देखायब' मोहाबराक अर्थ होइछ

(A) मौका पर धोखा देब (B) बदनाम करब

(C) जमा होयब (D) कठिन परिश्रम करब

45. 'आँचर पसारब' मोहाबराक अर्थ होइछ

(A) थाह पायब (B) भीख माँगब

(C) क्रोध बढ़ायब (D) अपन अपकार करब

46. 'कौड़ीक तीन होयब' मोहबराक अर्थ अछि

(A) तुच्छ होयब (B) भार होयब

(C) काज सुतारब (D) प्रचार करब

47. ‘जुर्माना’ शब्दमे प्रत्यय अछि

(A) आना (B) माना

(C) आन (D) इन

48. ‘आत्मिक’ शब्दमे प्रत्यय अछि

(A) अल (B) इक

(C) ओइ (D) मिक

49. ‘कौन्तेय’ शब्दमे प्रत्यय अछि

(A) एय (B) अ

(C) आइ (D) तेय

50. ‘पिसिऔत’ शब्दमे प्रत्यय अछि

(A) औत (B) सौत

(C) आना (D) इन

51. ‘लाचार’ शब्दमे उपसर्ग अछि

(A) ला (B) चार

(C) अचार (D) लाच

52. ‘सुठाम’ शब्दमे उपसर्ग होइछ

(A) सु (B) सह

(C) ठाम (D) सर

53. ‘सहचर’ शब्दमे उपसर्ग अछि

(A) सह (B) चर

(C) हच (D) सर

54. ‘अनदिना’ शब्दमे उपसर्ग होइछ

(A) अन (B) दिना

(C) दिन (D) नदी

55. ‘नेनपन’ शब्दमे संज्ञा अछि

(A) भाववाचक (B) व्यक्तिवाचक

(C) जातिवाचक (D) द्रव्यवाचक

56. ‘पाथर’ शब्दमे संज्ञा अछि

(A) समूहवाचक (B) भाववाचक

(C) जातिवाचक (D) द्रव्यवाचक

57. ‘शीतलता’ शब्द संज्ञाक उदाहरण अछि

(A) भाववाचक (B) द्रव्यवाचक

(C) जातिवाचक (D) व्यक्तिवाचक

58. ‘गोपाल राधाकेँ बजौलनि’ वाक्यमे अछि

(A) कर्मकारक (B) कर्त्ताकारक

(C) करणकारक (D) सम्प्रदानकारक

59. ‘देबालपर घड़ी टाँगल अछि’ वाक्यमे अछि

(A) अधिकरण कारक (B) सम्बन्ध कारक

(C) अपादान कारक (D) करण कारक

60. ‘कुम्भकार’ शब्द अछि

(A) तत्सम (B) तद्‌भव

(C) देशज (D) विदेशज

61. 'आतिशबाजी' शब्द उदाहरण अछि

(A) विदेशजक (B) देशजक

(C) तत्समक (D) तद्भवक

62. 'मसोमात' शब्द उदाहरण अछि

(A) देशजक (B) विदेशजक

(C) तद्भवक (D) तत्समक

63. 'धीरज' शब्द उदाहरण अछि

(A) तत्समक (B) तद्भवक

(C) देशजक (D) विदेशजक

64. 'नरेश' शब्दक सन्धि–विच्छेद अछि

(A) नर + ईश (B) नः + ऐश

(C) नरे + श (D) एहिमे कोनो नहि

65. 'षण्मुख' शब्दक सन्धि–विच्छेद अछि

(A) षट् + मुख (B) षट् + मास

(C) षट् + मार्ग (D) षट् + मूर्त्ति

66. शारीरिक एवं मानसिक दूनू परिश्रम करबा लेल शब्द अछि

(A) प्रयत्न (B) ज्ञानी

(C) कुशलता (D) क्षमता

67. कष्टक अनुभव करितहुँ कार्य संपादन करबा लेल शब्द अछि

(A) उद्यम (B) प्रयास

(C) परिश्रम (D) विषाद

68. कोनो शोककेँ बाजि कए प्रकट करब कहबैछ

(A) आनन्द (B) विलाप

(C) उपयोग (D) आह्लाद

69. 'जहपटार' शब्दक अर्थ अछि

(A) यत्र–कुत्र पसरल (B) टुकड़ी–टुकड़ी होयब

(C) अस्पृश्यता (D) कोलाहल

70. 'वैश्वीकरण' शब्दक पर्याय अछि

(A) भूमंडलीकरण (B) आधुनिक

(C) राष्ट्रीय एकता (D) साम्प्रदायिकता

71. 'देवभाषा' कहल जाइत अछि

(A) मैथिलीकेँ (B) हिन्दीकेँ

(C) संस्कृतकेँ (D) अंगरेजीकेँ

72. भूमंडलीकरणक कारणें आपसमे जुड़ि गेल

(A) विश्वक बाजार (B) जनसंख्या

(C) पूँजीपति (D) एहिमे कोनो नहि

73. मधुबनी चित्रकलाक प्रमुख उत्पत्ति स्थान अछि

(A) जितबारपुर (B) मोहनपुर

(C) लहेरियासराय (D) टेकटारि

74. मधुबनी चित्रकलाके जोगौने छथि

(A) मैथिल ललना (B) शहरी महिला

(C) बच्चालोकनि (D) पुरुषलोकनि

75. मिथिला चित्रकला लेल गोदावरी देवीकँ पुरस्कार भेटलनि

(A) राष्ट्रपति पुरस्कार (B) बिहार सरकार द्वारा पुरस्कार

(C) पद्‌मश्री (D) एहिमे कोनो नहि

76. उपेन्द्र ठाकुर 1982 ई0 मे पोथी लिखलनि

(A) मधुबनी पेंटिंग (B) मैथिली चित्रकला

(C) मिथिलाक शिल्पकला ओ चित्रकला (D) एहिमे कोनो नहि

77. विश्व पटलपर मधुबनी चित्रकलाकँ पहुँचौलनि

(A) ललित नारायण मिश्र (B) डबल्यू0 जी0 आर्चर

(C) उपेन्द्र महारथी (D) उक्त सभ

78. मिथिला चित्रकला लेल फ्रांसीसी महिला प्रेम छलनि

(A) ग्रए मेकुआदकँ (B) एनीबेसेंटकँ

(C) एलिजाबेथकँ (D) जैकलीनकँ

79. कवित्वक चरम सीमाा कहल जाइत अछि

(A) नाटककँ (B) काव्यकँ

(C) आख्यानकँ (D) कथाकँ

80. मध्याह्न भोजन योजना चलाओल जाइत अछि

(A) प्राथमिक विद्यालयमे (B) उच्च माध्यमिक विद्यालयमे

(C) महाविद्यालयमे (D) एहिमे कतहु नहि

81. 'सोनाक रेशा' कहल जाइत अछि

(A) जूटकें (B) प्लास्टिकें

(C) सोनधातुकें (D) लोहाकें

82. स्वर्णिम चतुर्भुज योजनाक अन्तर्गत निर्माण होइत अछि

(A) सड़क (B) नाला

(C) डैम (D) रेलइंजन

83. चायक खेती शुरू कयल गेल अछि

(A) किशनगंजमे (B) फारबिसगंजमे

(C) समस्तीपुरमे (D) मोकामामे

84. राष्ट्रीय एकता पर आघात पहुँचैत छैक

(A) भूमंडलीकरणसँ (B) साम्प्रदायिकतासँ

(C) अर्थतंत्रसँ (D) जनसंख्या वृद्धिसँ

85. मुगल साम्राज्यक अंतिम बादशाह छलाह

(A) अकबर (B) जहाँगीर

(C) औरंगजेब (D) बहादुरशाह जफर

86. अंग्रेजसँ संघर्ष करैत प्राण उत्सर्ग कयलनि

(A) तात्या टोपे (B) जयप्रकाश नारायण

(C) ललित नारायण मिश्र (D) श्रीकृष्ण सिंह

87. देवकान्त झाक गाम छनि

(A) नागदह (B) कारज

(C) कोर्थु (D) चतरा

88. नरेन्द्र झाक वृत्ति छलनि

(A) प्रोफेसरक (B) चार्टर्ड एकाउन्टेंटक

(C) व्यवसायीक (D) सम्पादकक

89. संसारक सर्वोच्च पहाड़क नाम अछि

(A) हिमालय (B) माउन्टआबू

(C) अरावली पर्वतमाला (C) विन्ध्याचल पहाड़

90. 'धर्मस्य निर्णयो ज्ञेयो मिथिला व्यवहारतः' ग्रंथसँ लेल गेल अछि

(A) 'मनुस्मृति'सँ (B) 'याज्ञवल्क्यस्मृति'सँ

(C) 'महाभारत'सँ (D) 'रामायण'सँ

91. अपन इच्छासँ सेवा केनिहार कहबैछ

(A) आत्मनिर्भर (B) स्वयंसेवक

(C) आत्मघाती (D) अभिनेता

92. एहन व्रत, जे मृत्यु भेला बादे समाप्त होइत अछि, कहबैछ

(A) आमरण व्रत (B) अभीप्सा

(C) अनुदान (D) अध्यक्ष

93. 'टससँ मस नहि होएब' मोहाबराक अर्थ अछि

(A) विचलित नहि होएब (B) मर्यादाक रक्षा करब

(C) धूर्त्ततासँ काज लेब (D) इज्जतसँ खिलबाड़ करब

94. 'एक विदेशीः दोसर तोतराह' लोकोक्तिक अर्थ अछि

(A) एक संग अनेक दोष होएब (B) मूलक कम महत्व

(C) साधनहीन व्यावसायिक (D) अनिवार्य काज

95. 'कूप ने आबय पथिकक पास' लोकोक्तिक अर्थ अछि

(A) उद्देश्यक पूर्ति लेल स्वयं प्रयास करब (B) निर्बलपर बलशालीक दबाब

(C) वस्तुवालाक स्थान पर अनका सुख (D) जे आयल से सधि गेल

96. 'जिया' शब्दक अर्थ होइछ

(A) जीवन (B) हृदय

(C) जीबा लेल (D) जोरगर

97. 'भिक्षुक' शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) भिखमंगा (B) भिक्षा

(C) भीख (D) भीखन

98. 'आम'क पर्यायवाची अछि

(A) फल (B) हारीत

(C) रसाल (D) रसद

99. 'मोक्ष' शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) मुक्ति (B) अम्बुद

(C) आनन (D) नीलकंठ

100. 'श्मशान' शब्दक पर्यायवाची अछि

(A) मरघट (B) कपाल

(C) अखिल (D) उदधि

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. निम्नलिखितमे कोनो **एक** विषय पर निबन्ध लिखू : ***1x10=10***

(क) स्वतंत्रता दिवस

(ख) विज्ञानक चमत्कार

(ग) अहाँक प्रिय रचनाकार

(घ) कोजगरा पर्व (शरद पूर्णिमा)

(ङ) कल–कारखाना

2. निम्नलिखितमे कोनो **एक** प्रश्नक उत्तर दिअ : ***1x7=7***

(क) मित्रक पिताक मृत्युपर मित्रकेँ शोक–पत्र लिखू।

(ख) पुस्तकालयसँ पुस्तक निर्गत करयबा लेल प्रधानाध्यापककें आवेदन लिखू।

3. निम्नलिखितमे उद्धरणमे कोनो **दूटाक** शीर्षक दैत संक्षेपण करूः ***2x4=8***

(क) वास्तवमे, संस्कृति ह्रदयक वस्तु थिक। बाह्य व्यवहारसँ भिन्न वस्तु थिक। वाह्य व्यवहार उदारता ओ स्थानिकता राखब अपेक्षित नहि, आवश्यको अछि। वस्त्रादि पहिरब, सामयिक ओ स्थानिक अपेक्षा रखैत अछि। किन्तु अपन सांस्कृतिक अस्मिताक प्रति सचेत रहब आवश्यक अछि। ई बात कोनो कानून वा नियमसँ संभव नहि भए सकैछ। ई तँ स्व–नियमन द्वारा संभव भए सकैछ। हम स्वयं अपन अस्मिताक प्रति जागरूक रही। स्वविवेक अनुशरण करैत आत्मसम्मानक भाव सँ पूरित रही। स्वयं जागी, जागल रही ओ सभकेँ एहि जागृतिक परिधिमे लाबी।

(ख) एहि वर्गक ई समस्या, मिथिला–समाजक कपार पर चढ़ल, नचिते रहल। अपितु एना कही जे आरो भयावह होइत गेल। तकर कारणमे उएह पितृसत्तात्मक समाज, ओकर पुरुषवादी मानसिकता, मुखर रहलै। मातृसत्ता सेहो ताहि स्थितिमे स्वयंकेँ सुरक्षित बुझैत, भोग्या बनलि, हँसैत–कनैत–गबैत जीबैत रहलि, अपन स्वभावक परम्पराकेँ आगूक पीढ़ीकेँ सोंपैत रहलि।

(ग) मिथिला माँटि–पानिमे युग–युगसँ साहित्य, कला आ दर्शनक बीज संचित छैक। जहिया कहियो विकासक सुविधा भेटलैक ओ बीज वृक्ष बनि अयाची, मंडन, वाचस्पति, उदयनाचार्य आ विद्यापतिक रूपमे पत्र–पुष्पसँ युक्त भेल। दर्शन, कला

ओ साहित्यक फल तकरे परिणाम थिक। मुदा, गुलामी आ प्रतिकूल वातावरणक दाबनि पड़ि गेलासँ ओहि अमर बीजसभक आँकुर पीयर पड़ि गेलैक तथा ओकर बाढ़ि अवरुद्ध भ' गेलैक अछि।

(घ) टाका–काटर हजारक–हजार गनिए जे कन्यागत चएन रहताह, से नहि। अपनो वा श्वसुरक जहल जएबाक संभावनाक डरसँ ई गछबो नहि केओ करताह जे याचित वर–मूल्य दए विवाह ठीक कएने छथि–आब जहियासँ नवका दहेज कानून लागू भेल अछि तहियासँ प्रायः अधिक विवाह ''आदर्शे'' भेल कहल जाइछ। यद्यपि हमरा ईहो सुनल अछि जे एक सज्जनक कन्यादानमे लक्षाधिक टाका खर्च भेल, यद्यपि हुनका देखौआ 5–6 बीघा मात्र खेत छनि। बेटा वा बेटीक विक्रयसँ वा टाका लए विवाहार्थ कन्या प्रदानसँ लोककेँ नरकगामी होबए पड़ैत छैक यतः एक संग कन्याक विवाह तथा बेटाक बिक्रीक निषेध अछि, तकर साहचर्यात अर्थ भेल कन्याक बिक्री तथा बेटाक विवाहमे टाका लेबाक निषेध।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एकटाक** आशय लिखू: ***1x5=5***

(क) चन्द्रलोक धरि रोपि पयर हम, घूमि रहल छी गगन–विहारी।
युद्ध, कलह, विद्वेष, घृणा, संहार, शोक, संताप पराजय।।
दानवता ई सब दुर्गुण सँ, हमर विरोध करैए निर्दय।
हम मानव छी, युग–युगसँ, आगाँ बढ़ैत रहै छी।।

(ख) एकता एवं राष्ट्रीय शक्तिमे अकाट्य सम्बन्ध अछि। कोनो राष्ट्र तावत पर्यन्त परिपुष्ट नहि मानल जा सकैछ यावत धरि ओकर विविध अंगमे परस्पर ऐक्य–भाव नहि होइक। मनुष्य रूप, रंग, जाति–धर्म, योग्यता, स्वभावादिमे एक दोसरासँ भिन्नता रखैत अछि; किन्तु व्यापक रूपेँ ओहि सभमे एक तरहक आभ्यन्तरिक

एकता सन्निविष्ट रहैछ, जे समान लक्ष्य दिशि प्रेरित करबामे एहि समस्त वैमनस्यकेँ गौण कऽ दैछ। इएह आभ्यन्तरिक एकता थिक एकात्मकता, जाहि पर राष्ट्रीय विकास आ सुरक्षा निर्भर करैत छैक।

5. निम्नलिखितमे कोनो **पाँच** लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर लिखू : ***5x2=10***

i. पहिलुका बात मानबा लेल के तैआर नहि होइत अछि ?

ii. मानवता कोन पाठ पढ़ैत रहैत अछि ?

iii. अन्न नहि उपजलासँ किसानक की दुर्दशा होइत अछि ?

iv. के कागक भाषा नहि बाजत ?

v. गाम आ शहरमे कोनो एक अन्तर लिखू।

vi. राष्ट्रीय एकताक हेतु भाषाक की योगदान होइछ?

vii. प्रारंभमे मिथिलामे कतेक तरहक मिल वा उद्योगक स्थापना भेल छल ?

viii. 'मिथिलाक रंग ओ शिल्प' निबंधमे चित्रकलाक विशेषताक वर्णन करू।

ix. भूमंडलीकरणकेँ गैर समतामूलक किएक कहल जाइछ?

x. विदेशी मुद्राक भंडार कोना बढ़ैत अछि ? एकटा कारण लिखू।

6. निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्नमे कोनो **दूटाक** उत्तर दिअ : ***2x5=10***

(i) आइ कोनो एहन कार्यक्षेत्र नहि अछि, जाहिमे नारीक उपस्थिति नहि अछि। एकरा विस्तारसँ वर्णन करू।

(ii) पाठ्यांशमे भारतक केन्द्रिय विद्यालय संस्थान आ जर्मनीक संस्थानक बीच की समझौता भेल अछि ?

(iii) 'गाम आ शहर' कविताक आधार पर गामक विशेषताक वर्णन करू।

(iv) 'फूलक नोर खसल' कविताक आधारपर किसानक स्थिति सुधारबा लेल कवि की कहि रहल छथि ? विस्तारसँ वर्णन करू।

X X X